

**PWOSEDI POU POTE PLENT AK POU REZOUZ KONFLI NAN**  
**DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK**

Paran\* gen dwa pou pote plent konsènan bagay ki afekte edikasyon yon timoun. Paran, pwofesè ak lòt moun entereze ka pote plent pou rapòte vyolasyon pwogram y ap ofri dapre Lwa Pa kite timoun dèyè *No Child Left Behind* (NCLB) : Tit I, Tit II Pati A ak D epi Tit II, Tit IV Pati A. Bagay sa yo dekri pwosedi Depatman Edikasyon (DOE) pou pote tip plent sa yo.

**Kòman pou pote yon plent enfòmèl sou edikasyon pitit ou:**

1. Si w gen yon plent konsènan lekòl yon timoun ye ke w ta renmen rezoud yon fason enfòmèl, nou ankouraje w pale avèk pwofesè timoun lan, konseye pedagogik li oswa asistan direktè lekòl la oswa direktè a. Koòdonatè paran nan lekòl la kapab ede w tou pou jwenn yon solisyon pou pwoblèm lan. Li bi bon pou pale ak yon moun nan lekòl timoun lan ye sou plent ou genyen an pivit posib, pou moun nan lekòl la ki la pou sa kapab travay pou chèche rezoud pwoblèm lan san pèdi tan.
2. Si direktè a oswa lòt manm nan estaf lekòl la pa kabab rezoud pwoblèm lan oswa si ou ta renmen depoze yon plent fòmèl devan Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) , tanpri swiv etap nou dekri piba a. Tanpri sonje si timoun lan se yon timoun ki gen yon andikap epi ou gen yon pwoblèm sou edikasyon espesyal ki poko rezoud, ou ka rele nan 311 epi mande pou pale ak Sant Apèl Edikasyon Espesyal *Special Education Call Center*. Estaf sant la ap kolabore avèk ou pou rezoud pwoblèm ou.

**Kòman pou w depoze yon plent fòmèl:**

Chanselye a etabli règleman sa yo ki gen ladan yo pwosedi byen presi sou kòman pou depoze yon plent fòmèl ak pou fè demann apèl. Ou ka jwenn règleman sa yo sou entènèt nan <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ChancellorsRegulations/default.htm>. Ou ka jwenn kopi règleman sa yo nan lekòl pitit ou a oswa nan Biwo pou Angajman ak defans Dwa Fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA).

- Règleman Chanselye A-101 pou fè demann apèl sou transfè nan yon lòt lekòl dapre kote w abite.
- Règleman Chanselye A-420 pou rapòte abi fizik.
- Règleman Chanselye A-443 pou fè demann apèl sispansyon direktè oswa Sipèntandan an fè.
- Règleman Chanselye A-450 pou fè demann apèl konsènan yon transfè ke w pa vle.
- Règleman Chanselye A-501 pou fè demann apèl konsènan yon desizyon yo pran sou chanje klas.
- Règleman Chanselye A-655 pou pote plent ak fè demann apèl konsènan eleksyon pou Komite Dirijan Lekòl *School Leadership Teams* (SLT).
- Règleman Chanselye A-660 pou pote plent ak fè demann apèl konsènan Asosyasyon Paran *Parent Association* (PA) ak eleksyon Konsèy Prezidan *Presidents' Councils* (PC), sou dezakò, mezi ki pran ak mezi ki pa pran.
- Règleman Chanselye A-663 pou pote plent konsènan ratman nan sèvis tradiksyon ak entèpretasyon.
- Règleman Chanselye A-701 pou fè demann apèl konsènan refi pou pa pran vaksen.
- Règleman Chanselye A-710 pou pote plent konsènan rekòmandasyon, evalyasyon, kreyasyon ak/oswa aplikasyon plan 504 la.

---

\* Tèm “paran”“parent,”an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa nenpòt moun ki jwe wòl paran oswa gadyen elèv la, oswa elèv la li menm, si l se yon minè emansipe oswa si l gen 18 lane.

- Règleman Chanselye A-780 pou fè demann apèl konsènan plasman elèv ki pa gen kote pou yo rete oswa elèv ki abite yon kote pou yon ti tan.
- Règleman Chanselye A-801 pou fè demann apèl konsènan desizyon ki pran sou kalifikasyon pou transpò.
- Règleman Chanselye A-810 pou fè demann apèl konsènan desizyon ki pran sou kalifikasyon pou manje midi gratis oswa a pri ki pi ba.
- Règleman Chanselye A-820 pou fè demann apèl konsènan yon enfòmasyon ki nan dosye yon timoun dapre fondman ki presi, k ap bay fo enfòmasyon oswa ki vyole dwa sou vi prive elèv la epi pou mande pou yo chanje dosye sa a.
- Règleman Chanselye A-830 pou fè demann apèl konsènan akizasyon pou diskriminasyon.
- Règleman Chanselye D-110 pou fè demann apèl konsènan refi pou aksè nan yon dosye piblik DOE konsève dapre Lwa sou Libète nan Enfòmasyon *Freedom of Information Law*.
- Règleman Chanselye D-140 pou fè demann apèl konsènan nominasyon ak chwa manm Konsèy Edikasyon pou kominote *Community Education Councils (CEC)*.
- Règleman Chanselye D-150 pou pote plent konsènan nominasyon ak chwa manm Konsèy Edikasyon espesyal pou vil la *Citywide Councils on Special Education (CCSE)*.
- Règleman Chanselye D-160 pou pote plent konsènan nominasyon ak chwa manm Konsèy Lekòl Segondè pou vil la *Councils on High Schools*.

Si pwoblèm ou an pa ka jwenn yon solisyon atravè pwosedi ki nan Règleman Chanselye ki pi wo a, oswa si plent ou a konsène yon vyolasyon pwogram federal k ap fonksyone dapre NCLB ou kapab pran yonn nan pwosedi\* sa yo:

#### **Nan nivo lekòl la:**

- A. Mande koòdonatè paran lekòl la oswa biwo sekretè lekòl la yon kopi Fòm Fòmalitye pou dosye *Intake Form* ki soti nan.
- B. Si plent ou a konsène entèdiksyon pou pitit ou a ale lekòl oswa sou yon lekòl ki pa swiv pwosedi DOE etabli pou mete yon timoun deyò, ou sipoze kontakte biwo santral OFEA imedyatman nan **(212) 374-2323**. Ou kapab mande tou pou koòdonatè paran lekòl la kontakte biwo santral la nan non w.
- C. Si w santi ke plent ou a se yon ka ki delika anpil, ou kapab imèl *Intake Form* OFEA a dirèkteman ba Defansè Dwa Fanmi District Family Advocate (DFA) nan biwo distri ki apwopriye a. DFA a ap fè w konnen si se li k ap pran ka a oswa si se lekòl la k ap rezoud li.
- D. Si plent ou a pa genyen pou wè avèk yon timoun yo mete deyò nan yon lekòl epi si se pa yon ka ki delika anpil, Koòdonatè paran lekòl la kapab pran yon randevou pou rankontre avèk ou pou pale sou pwoblèm yo dèke li resevwa plent ou a.  
  
Koòdonatè Paran an ap idantifye kiyès moun ki pi byen plase pami anplwaye lekòl la pou regle pwoblèm lan epi l ap koòdone lòt etap yo dwe swiv yo.
- E. Si yo detèmine ke pwoblèm ou an pa ka jwenn solisyon onivo lekòl la, koòdonatè paran an ap voye plent ou a imedyatman devan DFA a. Koòdonatè Paran an ap fè w konnen si yo voye plent ou a ba DFA a.

---

\* Pwosedi sa yo aplike pou plent paran genyen sou vyolasyon jesyon pwogram dapre Pati A ak D Tit I ak Tit II epi Pati A Tit III ak Tit IV. Nenpòt pwofesè, lòt pati ki enterese oswa ajans ki vle pote yon plent sou vyolasyon jesyon pwogram sa yo kabab tou itilize pwosedi sa yo.

**Onivo Distri oswa *Borough* a:**

Yon fwa yo fin resevwa plent ou a, DFA a ap kontakte w nan non kominote oswa sipèentandan lekòl segondè a pou chita pale avèk ou sou pwoblèm lan ak nenpòt lòt etap oumenm ak/oswa moun nan lekòl la te pran pou rezoud pwoblèm lan. Apresa, DFA a ap travay avèk ou pou rezoud pwoblèm lan. Sa ka vin mande pou yo kontakte otorite onivo lekòl la, onivo distri a oswa onivo *borough* a.

Si DFA a pa kapab rezoud pwoblèm ou a, l ap refere ka w la ba biwo Chanselye a oswa ba OFEA pou yo analize ka a pi plis. Y ap fè w konnen si yo refere plent ou a ba Biwo Chanselye a oswa ba OFEA.

**Nan nivo santral:**

Yon fwa yo fin refere ka w la ba Biwo Chanselye a oswa OFEA, estaf santral la ap kolabore avèk ou pou rezoud pwoblèm lan epi fè w konnen rezilta yo.

**Delè:**

Ou dwe depoze tout plent nan lekòl, distri, *borough*, ak/oswa nan biwo santral ou sipoze depoze yo a pi vit posib pou ofisyèl DOE yo kapab travay sou pwoblèm ou yo san pèdi tan. Espas tan pou yo rezoud plent lan ak/oswa rezoud pwoblèm lan p ap depase 30 jou sof si estaf distri lekòl la, *borough* a oswa biwo santral la detèmine ke li bezwen plis tan.

Si plent ou a se osijè pitit ou yo mete deyò nan lekòl (gade pi wo a), y ap fè yon fason pou pitit ou a kapab ale lekòl imedyatman.

Si nan nenpòt ki moman nan pwosedi a moun nan lekòl la, nan distri a, nan *borough* a oswa moun nan nivo biwo santral la jwenn ke pitit ou a ap soufri anpil avan pou yo fini envestige plent la nèt oswa avan pou yo fini rezoud pwoblèm lan, Biwo Chanselye a oswa OFEA ap rekòmande ke yo pran aksyon yo sipoze pran pou ede pitit ou a epi pou travay sou pwoblèm lan.

**Apèl:**

Pwosedi Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *The New York State Education Department* (NYSDE) pou plent ak apèl alekri pou rezoud plent oswa evalye apèl apati desizyon NYCDOE konsènan vyolasyon Tit I disponib ann angle sèlman nan at <http://www.emsc.nysed.gov/nyc/ComplaintProcedures.shtml>

**Konsèvasyon dosye:**

Se OFEA k ap kenbe kopi fòm ki fin ranpli pou fòmalitye yo.